**दिन–सोमवार** **दिनांक–17.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार आइ कहलक अछि जे बिहार मे मिथिला क्षेत्र सहित राज्य मे कतको प्रकारक पर्यटन सर्किट पर काज चलि रहल अछि। लोकसभा मे भाजपाक गोपाल जी ठाकुरक एक प्रश्नक लिखित उत्तर मे केन्द्रीय पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत जनौलनि जे जैन तीर्थंकर, अध्यात्म, बौद्ध आ ग्रामीण सर्किट सहित कतेको पर्यटन सर्किट पर बिहार मे काज चलि रहल अछि। एहि पर दू सय तिरसठि करोड़ टाका सँ बेसी खर्च होयत। ओ जनौलनि जे विशेष योजनाक अंतर्गत सहरसाक मत्स्यगंधा झील आ करमचट मे इको टूरिज्म के विकसित कयल जायत। एहि पर एक सय पचास करोड़ सँ बेसी टाका खर्च होयत। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे मधुबनी जिलाक बलिराजगढ़ स्थित राजा बलिक गढ़ के भारतीय पुरातत्व सर्वे द्वारा संरक्षित कयल गेल अछि।

---

विधानसभा मे आइ कार्यवाही शुरू होइतहिं राष्ट्रीय जनता दलक सदस्य लोकनि राज्य मे विधि–व्यवस्था के लऽकऽ हो–हंगामा कयलनि। हंगामाक कारणे प्रश्नकालक कार्यवाही कनेक काल लेल बाधित भेल। प्रश्नकाल शुरू होइतहि विपक्षी दल राजदक सदस्य लोकनि सदनक बीचोबीच आबि गेलाह। ओ लोकनि राज्य मे दू पुलिसकर्मीक हत्या आ कतेको ठाम पुलिस पर भेल हमला के लऽकऽ सरकार सँ जवाब मांगि रहल छलाह। एहि क्रम मे विपक्षी सदस्य लोकनि हाथ मे पोस्टर आ बैनर लऽकऽ पहुचल छलाह। राष्ट्रीय जनता दलक सचेतक अख्तरूल इस्लाम शाहीन एहि विषय के उठौलनि। हलांकि अध्यक्ष नंदकिशोर यादव एहि मुद्दा के उपयुक्त माध्यम सँ उठेबाक आग्रह कयलनि। बाद मे अध्यक्ष के बुझेबाक बाद राष्ट्रीय जनता दलक सदस्य लोकनि अपन–अपन सीट पर वापस भऽ गेलाह।

---

दोसर दिस विधान परिषद मे सेहो राष्ट्रीय जनता दलक सदस्य लोकनि राज्य मे विधि–व्यवस्था के लऽकऽ सरकार सँ जवाब मांगलनि। विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष आ

पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी कहलनि जे सुशासनक सरकार अपराध पर लगाम लगाबय मे नाकाम अछि।

———————————————————

एहि मध्य मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्य मे पुलिसकर्मी पर भऽ रहल हमला आ विधि–व्यवस्था के लऽकऽ मुख्य सचिव आ पुलिस महानिदेशक के कड़गर डेग उठेबाक निर्देश देलनि अछि। ओ दुनू अधिकारी के विधानसभा मे अपन कक्ष मे बजाकऽ ई निर्देश देलनि। ओम्हर, बिहार पुलिस मुख्यालय कहलक अछि जे होली मे पुलिस पर हमलाक बारह घटना भेल, जाहि मे संजोग सँ दू एएसआई शहीद भऽ गेलाह जखनकि सत्ताईस पुलिसकर्मी घायल छथि।

———————————————————

उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा आइ कहलनि जे राज्य मे उद्योग आ निवेश लेल नव वातावरण तैयार कयल जा रहल अछि। एहि लेल नव औद्योगिक प्रोत्साहन नीति आ उद्योग सँ संबंधित कतेको नीति लाओल जा रहल अछि। विधानसभा मे अलग–अलग पूरक प्रश्नक उत्तर मे उद्योग मंत्री कहलनि जे दू हजार पच्चीस–छब्बीसक बिहार बजट मे खाद्य प्रसंस्करण नीति आ बायोफ्यूल नीति लयबाक घोषणा भेल छल। ओ कहलनि जे सरकारक प्रयास अछि जे सभ जिला मे उद्योग–धंधाक विकास होबय।

———————————————————

रेलवे दरभंगा–अमृतसर दरभंग–जननायक एक्सप्रेस ट्रेनक कोच मे परिवर्तन करत। आब एहि ट्रेन मे आइसीएफ रेक के एलएचबी रेक मे परिवर्तित कयल जा रहल अछि।

———————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे कड़गर रौद हेबाक कारणे दिनक तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल जा रहल अछि। एहि क्रम मे विभिन्न जिला मे अधिकतम तापमान चौतीस सँ छत्तीस डिग्री सेल्सियस बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे मधुबनी, भागलपुर, गया, औरंगाबाद समेत कतेको ठाम आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल। मधुबनी मे सभ सँ बेसी उनैस दशमलव पांच मिलीमीटर बरखा भेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर–पूर्वी भाग मे किछु ठाम बूंदा–बांदी भऽ सकैत अछि। जखनकि

आन ठाम मौसम शुष्क रहत आ तापमान मे औसत एक सँ दू डिग्री सेल्सियस वृद्धि हेबाक पूर्वानुमान अछि।

————————————————————

बैडमिंटन एसोसिएशन ऑफ इंडिया अमरीश कुमार के लेवल वन केर कोच बनौलक अछि। समस्तीपुरक रहनिहार अमरीश बिहारक पहिल बैडमिंटन खेलाड़ी छथि, जिनका ई कार्यभार भेटल छनि। समस्तीपुर जिला बैडमिंटन संघक सचिव तरूण कुमार ई जनतब दैत अमरीश कुमारक सफल भविष्य लेल शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————

समाप्त